**दिन—बुधवार** **दिनांक—17.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मनरेगाक स्थान पर नव विधेयकक नाम के लऽकऽ सत्तापक्ष आ विपक्षक मध्य बयानबाजी बढ़ल जा रहल अछि। समस्तीपुर सँ लोजपा रामविलासक सांसद शांभवी चौधरी कहलनि जे विपक्ष एहि मुद्दा पर बिना मतलब के बात कऽ रहल अछि। ओ नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे कहलनि जे गांधीजीक विचाराधारा छल जे रामराज स्थापित हेबाक चाही। श्रीमती चौधरी कहलनि जे नव विधेयक मे काजक दिन बढ़ाओल जा रहल अछि, जाथ्ह सँ आजीविकाक संभावना बढ़त। दोसर दिस राजद सांसद मनोज झा आरोप लगौलनि जे सरकार मनरेगाक योजना मे भेल गड़बड़ी के झांपबाक लेल रोजगार एवं आजीविका गारंटी मिशन विधेयक—दू हजार पच्चीस लौलक अछि। श्री झा कहलनि जे मनरेगा योजना देश के एक सुरक्षा कवच देने छल, मुदा सरकार एहि योजना के मजगूत बनेबाक बदला एकर आत्मा के समाप्त कऽ रहल अछि।

---

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि अछि जे भारतीय रेलवे दू हजार किलोमीटर सँ बेसी रूट पर कवच प्रणाली चालू कऽ देलक अछि। श्री वैष्णव आइ लोकसभा मे प्रश्नकाल मे ई जनतब देलनि। ओ कहलनि जे रेलवे स्वदेशी रूप सँ विकसित कवच रेल सुरक्षा प्रणाली के चारि हजार एक सय चौवन लोकोमोटिव पर सफलतापूर्वक स्थापित कयलक अछि। रेलवे यात्री आ ट्रेन संचालनक सुरक्षा बढ़ेबाक लेल स्वदेशे मे ऑटोमेटिक ट्रेन प्रोटेक्शन सिस्टम कवच शुरू कयलक अछि। एहि सँ कुहेस मे सेहो रेलगाड़ीक सुरक्षित परिचालन मे विशेष सहायता भेटत।

---

बिहार ऊर्जाक क्षेत्र मे एक नव उपलब्धि दिस बढ़ि रहल अछि। प्रदेश मे एखन धरिक सभ सँ पैघ नवीकरणीय ऊर्जा परियोजनाक अंतर्गत आइ पटनाक विद्युत भवन मे बिहार स्टेट पावर जेनेरेशन कंपनी लिमिटेड आ आन चयनित एजेंसी सभक मध्य तेरह हजार करोड़

टाकाक निवेश सँ जुड़ल दू समझौता ज्ञापन पर हस्ताक्षर भेल। एकर अतिरिक्त विद्युत भवन मे आयोजित एक कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री नीतीश कुमार स्टेट पावर होल्डिंग कंपनी लिमिटेड आ ओकर अनुषंगी कंपनी सभक लेल दू हजार तीन सय नब्बे कर्मी के नियुक्ति पत्र सौंपलनि। कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, ऊर्जा मंत्री बिजेन्द्र प्रसाद यादव तथा जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। कार्यक्रम मे ऊर्जा मंत्री कहलनि जे बिजली व्यवस्था के मजगूत करबाक संग–संग युवा लोकनि के रोजगारक अवसर उपलब्ध करेबाक लेल लगातार काज भऽ रहल अछि।

———————————————————————————

भारतीय जनता पार्टीक नवनियुक्त बिहार प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी काल्हि पटना स्थित प्रदेश मुख्यालय मे अपन कार्यभार ग्रहण करताह। श्री सरावगी आइ दरभंगा जिलाक कुशेश्वर स्थान आ लऽग पासक क्षेत्र मे कार्यकर्ता लोकनि सँ भेट कयलनि। ओ कुशेश्वर स्थान समेत विभिन्न आनो मंदिर मे पूजा–अर्चना सेहो कयलनि।

———————————————————————————

प्रदेशक सभ प्रारंभिक, माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय मे कार्यरत शिक्षक लोकनि प्रोन्नतिक प्रक्रिया जनवरी मास सँ शुरू होयत। शिक्षा विभागक आधिकारिक सूत्रक अनुसार प्राथमिक शिक्षा निदेशालय आ माध्यमिक शिक्षा निदेशालय प्रोन्नति प्रक्रिया के लऽकऽ कार्रवाई कऽ रहल अछि।

———————————————————————————

यात्री लोकनिक सुविधा लेल पूर्वोत्तर सीमांत रेलवे विशेष ट्रेन चलेबाक निर्णय कयलक अछि। ई ट्रेन डिब्रूगढ़–लखनऊ के मध्य उन्नैस दिसम्बर के चलत, जे कटिहार–बरौनी–समस्तीपुर–मुजफ्फरपुर आ छपरा स्टेशन होयत जायत। वापसी मे ई ट्रेन तेईस दिसम्बर के लखनऊ सँ खुजत।

———————————————————————————

दरभंगाक ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक स्नातकोत्तर भूगोल विभाग मे वैश्विक वायु प्रदूषणक बढैत चुनौती आ एयरोसोलक पर्यावरणीय स्वास्थ्य प्रभाव के लऽकऽ कार्यशालाक आयोजन कयल गेल। कार्यशाला मे बारह शोधार्थी तथा संकाय सदस्य लोकनि भाग लेलनि।

———————————————————————————

सिख पंथक दसम आ अंतिम गुरु गुरु गोविंद सिंह जी महाराजक तीन सय उनसठम प्रकाश पर्व के लऽकऽ आइ तेसर दिन पटना मे प्रभात फेरी निकालल गेल। प्रकाश पर्वक मुख्य समारोह सत्ताईस दिसम्बर के होयत।

———————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त संवादक अनुसार प्रदेशक अधिकांश भाग मे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन नहि दर्ज कयल गेल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला दू दिन धरि प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग मे विभिन्न स्थान पर घनगर कुहेस लगबाक संभावना बनल अछि। विभाग एहि के लऽकऽ अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।